

Pou Piblikasyon Imedya: 15/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO PRAL AJOUTE REFÒM GLOBAL NAN SEKIRITE  
POU LIMOUZIN AK GRAN VEYIKIL POU TRANSPÒ PASAJE YO NAN BIDJÈ  
EGZEKITIF 2019 LA**

*Refòm global yo pral pwoteje pasaje yo epi fè moun k ap chèche defye lalwa yo  
pran responsabiltè yo*

*Refòm yo ap fèt alasuit yon trajedi terib avèk yon limouzin long modifye ki te rive  
nan Konte Schoharie an 2018*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo pral ajoute refòm global nan sekirite pou limouzin ak gran veyikil pou transpò pasaje nan bidjè egzekitif 2019 la. Alasuit trajedi terib la avèk yon limouzin long modifye ki te rive nan Konte Schoharie an 2018, Gouvènè a pran angajman pwomilge refòm esansyèl nan sekirite pou fè yo vin lwa.

“Aksidan sa a se te yon trajedi terib ki choke eta sa a nan kè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “N ap pwopoze refòm ki pral bay nouvo pouvwa agresif k ap pèmèt otorite yo retire veyikil danjre sou wout yo san pèdi tan, fè biznis malonèt yo pran responsabiltè yo epi ogmante sekirite piblik nan chak kwen New York.”

Gouvènè Cuomo pwopoze yon kantite refòm lejislasyon pou pwoteje pasaje yo epitou fè moun k ap defye lalwa yo pran responsabiltè yo, sa gen ladan:

- Yon entèdiksyon kategorik sou anrejistreman limouzin yo refè, sa k ap entèdi operasyon yo nan Eta New York;
- Egzije pou chofè yo gen yon lisans chofè komèsyal avèk yon otorizasyon espesyal pou pasaje pou yo kapab kondui yon veyikil pou lwe ki pran omwen 8 pasaje;
- Fè se yon deli grav pou yo retire yon etikèt pàn yon enspektè Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT) mete sou yon veyikil san veyikil la pa pase re-enspeksyon DOT pou li rekòmanse ap travay; Ogmante sanksyon sivil la rive a yon amann maksimòm 25,000 dola pa vyolasyon pou tout moun yo jwenn k ap kondui avèk sispansyon otorite pou opere DOT a oswa k ap kondui yon veyikil san otorite sa a epi moun sa yo ap sibi pousuit pou deli grav;
- Tabli pouvwa sispansyon anrejistreman ak konfiskasyon veyikil pi solid, sa gen ladan yon pwosesis klè pou Komisè DOT a sispann imedyatman otorite operasyon an nan sikonstans ki mete an danje sante, sekirite, ak byennèt piblik la;
- Bay DOT ak DMV otorizasyon klè pou yo sezi plak machin ki sispann;

- Fè se yon deli grav pou kèlkeswa pwopriyetè/chofè a trafike yon plak Estanda Federal pou Sekirite Veyikil a Motè (Federal Motor Vehicle Safety Standard) oswa yon etikèt enspeksyon veyikil;
- Garanti konfiskasyon veyikil la fèt poutèt vyolasyon ki se deli grav epi fè moun ki komèt vyolasyon yo plizyè fwa fè fas a posibilite pou yo sezi veyikil la;
- Egzije pou pòs enspeksyon yo fè rapò obligatwa kot DMV si yon veyikil eseye yon enspeksyon ki pa otorize;
- Kreye nouvo sanksyon penal pou tout pòs enspeksyon ki sou kontwòl DMV ki emèt etikèt enspeksyon ilegalman;
- Entèdi pou gwo veyikil yo fè demi-tou sou kèlkeswa wout la andedan eta a;
- Elimine eksepsyon an pou egzijans senti sekirite yo pou limouzin, otobis, taksi, machin pou lwe, ak otobis eskolè; epi
- Tabli yon frè enspeksyon DOT 120 dola pa enspeksyon pou veyikil ki dwe sibi enspeksyon sa a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)